

Chengetedzo Yekufamba



naThemba 



MILLION WORD GAP PROJECT

Vana vane vabereki vanoverenga kwavari
vanonzwa mazwi anopfuura mamiriyoni makumi
matatu vasati vatanga chikoro. Batsira vana vako
kugadzirira kuenda kuchikoro.

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution -
Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

Illustrations by

Adobe Firefly

Creative
Consultant

Raiël le Roux

Translated by

Elsa Tariro Wadi



Chengetedzo yenzira yakakosha zvikuru! Vana vadiki panguva iyoyo vanoda kuziva uye vanotevera maitiro avanogara vachioona. Vana vanonzwisisa ngozi dzemumigwagwa kana motokari.

Kunyangwe mwana mudiki asingakwanise kuona njodzi idzi, kupa ruzivo nezvechengetedzo yenzira kunovabatsira kuti vave vakachengeteka vachikura.

Vana vadiki vachiri kudzidza nezvekuyera kumhanya kwezvinhu pamwe nemufambo. Vachiri kudzidza nezvenjodzi uye nzira dzekuidzivirira.

Zvidzidzo zvechengetedzo yenzira zvinogona kubatsira kuti vadzidze tsika dzakakosha — sekumira kunze kwemugwagwa, kubata ruoko rwemunhu mukuru, kana kutarisa mativi ose — kuitira kuti pavanokura vanenge vajaira zvinhu izvi.

Hatisi kungotarisa kudzivirira tsaona nhasi; tiri kutarisa kubatsira vana kudzidza tsika dzinoita vachengetedzeke mangwana pavanozotanga kufamba, kuchovha mabhasikoro kana kutyaira.

Nekuita kuti kudzidza kunakidza nekudyidzana, zvinobatsira vana kunwisisa zvinhu zviri nyore. Edza kudzidzira kutarisa mativi ose pakuyambuka mugwagwa kana kutamba mitambo yechengetedzo yenzira nekutsvaga zviratidzo zvemigwagwa.

Zviratidzo zvemigwagwa inzira yakanaka yekudzidzira zviumbwa.



Usati wayambuka mugwagwa unofanirwa
kutarisa kurudyi, kuruboshwe, uye kurudyi zvakare
pamwe nekuterera kana kuri kuuya motokari.

Yambuka mugwagwa pamutaro wevafambi, zvakaita semutaro wemitsara, marobhoti kana mazambuko evafambi.

Famba nekukurumidza kuyambuka mugwagwa, asi
usamhanye.

Yambuka uchitedza mutsetse wakatwasuka, kwete kugonya gonya.

Iyi ndiyo nzira yekukurumidza kuyambuka mugwagwa.

Ngatitsvakurudzei naThemba. Ndiani ari kuchengeteka uye ndiani achiri kudzidza?



Uyu mugwagwa wakawandirwa.

Nzira yakachengeteka yekuyambuka kushandisa
zambuko rinoenda nepamusoro payo.

Unofunga here kuti mukomana ari pabhasikoro
angakuvadzwa?

Kuyambuka mugwagwa yaive pfungwa isiriyo
here?

Usati wayambuka mugwagwa unofanirwa kutarisa kurudyi, kuruboshwe, uye kurudyi zvakare pamwe nekuterera kana kuri kuuya motokari.

Yambuka mugwagwa pamutaro wevafambi, zvakaita semutaro wemitsara, marobhoti kana mazambuko evafambi.



Stop!

Tarirai!

Teerera!

Famba nekukurumidza kuyambuka mugwagwa, asi usamhanye.

Yambuka uchitedza mutsetse wakatwasuka

Ichi chiumbwa chipi?



Gonyonhatu (triangle) **tsvuku** ine **chena** pakati chiri **chiratidzo chekumira**.

Zvinoreva **ngwarira** .

Tsvuku
inoreva kuti
mira




Raranji inoreva
ngwarira!




Zerere inoreva kuti

ENDA!





Vana vari kuyambuka mugwagwa mumutsetse
wakatwasuka pamitsara yemavara.





Vana ava vakamirira amai vavo.





Vana vari kuyambuka mugwagwa mumutsetse
wakatwasuka pamitsara yemavara.



Stop!

Tarirai!

Teerera!

Ichi chiumbwa chipi?

Chiratidzo ichi
chinoreva kuti motokari
inogona kupaka pano.

y



y



Ichi chiumbwa chipi?


Denderedzwa **tsvuku** rine **mut**sara muchena
pakati chiratidzo chekuti ***hapapindwe***.



Chiratidzo ichi chinoreva
HAPABVUMIDZWE kupaka.

Ichi chiratidzo chekuti mira.

Chiumbwa ichi chine mativi mangani



I gonyosere.